

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas komunikasi dina kahirupan sapopoé, lantaran jadi unsur pangbéda antara manusa jeung mahluk séjénna. Kaparigelan basa ngawengku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Kaparigelan ngaregepkeun jeung maca kaasup kaparigelan anu réseptif, sedengkeun nyarita jeung nulis mah kaasup kaparigelan anu produktif. Éta opat kaparigelan basa téh mangrupa hal anu kudu ditepikeun dina prosés diajar-ngajar.

Kaparigelan nu dianggap hésé téh salasihijina nyaéta nulis lantaran ngaliwatan sababaraha prosés. Nulis bisa dilakukeun ku cara maca jeung mikir. Dina nulis, basa dilarapkeun pikeun nepikeun gagasan atawa idé panulis ka pamaca. Sakumaha pamadegan Sudaryat (2015, kc. 10) kamampuh nulis nyaéta kamampuh nu maké basa dina ngedalkeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) ngaliwatan lambang-lambang tulisan (grafis). Kamampuh nulis kacida pentingna, kusabab bisa mekarkeun daya mikir jeung kréativitas siswa.

Kamampuh nulis siswa dina pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis sisindiran kawilang hésé. Sedengkeun dina SKKD siswa diperedih sangkan mampu nulis sisindiran. Dina prak-prakanana siswa teu ngahontal hasil anu nyugemakeun dina nulis sisindiran. Contona waé di SMP Negeri 12 Bandung. Dina pangajaran basa Sunda, siswa lolobana can mampu ngahontal nilai KKM.

Dina pangajaran nulis sisindiran, aya 6 pasualan nu jadi bangbaluh nyaéta (1) dina nyieun cangkang anu masih kénéh teu paham; (2) dina guru wilangan nu sok leuwih atawa kurang tina jumlah enggang anu geus ditangtukeun; (3) dina pamilihan kecap anu teu murwakanti; (4) hubungan antara padalisan cangkang jeung eusi anu teu nyambung; (5) dina ngagunakeun ejahanana anu can bisa ngabedakeun huruf vocal e, é jeung eu, sarta dina ngagunakeun titik (.) jeung koma (,) dina unggal tungtung padalisan, jeung (6) dina ngabedakeun antara paparikan jeung rarakitan.

Hasil anu can nyugemakéun téh dibaluarkeun ku sababaraha faktor di antarana nyaéta 1) kurangna kamampuh siswa kana pangajaran basa Sunda

hususna dina nulis sisindiran (30%) , 2) basa Sunda dianggap pangajaran anu ngabosenkeun (20%), jeung 3) siswa kurang ngawasa kana kandaga kecap basa Sunda (50%) tina siswa anu diwawancara. Ieu hal ditarékahan ku cara guru nepikeun matéri anu rék diajarkeun. Ku kituna dibutuhkeun métodeu atawa modél pangajaran anu luyu jeung matéri nulis sisindiran. Numutkeun Rahman (2012, kc. 70) modél pangajaran mangrupa padika dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar pikeun guru jeung murid. Aya sababaraha tipe modél pangajaran anu bisa digunakeun, salasihijina nyaéta modél pangajaran kooperatif. Pangajaran kooperatif museur kana gawé kelompok anu dipingpin jeung diarahkeun ku guru (Suprijono, 2010, kc. 54).

Pangajaran kooperatif téh kawilang loba wangunna, salasihijina nyaéta tipe *kancing gemerincing*. Numutkeun Lie (2008, kc. 63) modél pangajaran tipe *kancing gemerincing* nyaéta salasihiji tipe modél pangajaran kooperatif anu unggal anggota kelompokna miboga kasempetan pikeun méré kontribusi tur maham kana pamikiran anggota kelompok séjén anu ngagunakeun media kancing. Dina Model pangajaran kooperatif tipe *Kancing Gemerincing* aya sababaraha langkah anu dilakukeun nyaéta : 1) guru ngelompokkeun murid, unggal kelompok dibéré kancing; 2) guru méré pancen ka unggal kelompok mangrupa carita rumpang (sisindiran); 3) guru méré penjelasan ngeunaan téhnik ngalengkepan carita rumpang; 4) guru méré lolongkrang keur siswa nanya; 5) sanggeus sakabeh siswa ngeusian éta carita rumpang (sisindiran) tuluy diropéa; 6) guru jeung siswa nyieun kacindekkan.

Modél pangajaran tipe *Kancing Gemerincing* bisa dijadikeun salah sahiji inovasi pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Modél pangajaran ieu dipihareup bisa éféktif mantuan siswa dina pangajaran basa hususna dina nulis sisindiran. Pangajaran basa ngeunaan nulis sisindiran di SMP baris dipatalikeun jeung modél pangajaran kooperatif tipe *kancing gemerincing*, sangkan ieu pangajaran téh moal jadi masalah upama dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Tipe *kancing gemerincing* dipercaya bisa nangtukeun siswa sangkan meunang lolongkrang ilubiung dina prosés diajar (Sugiyanto, 2010, kc. 56).

Anapon kitu aya salasihiji panalungtikan ngeunaan téhnik *Kancing Gemerincing* nyaéta “Penerapan Teknik *Kancing Gemerincing* dalam pembelajaran Berdiskusi”(Intan Oktavianti, 2009), téhnik *Kancing Gemerincing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran diskusi kelas VIII di SMP PGRI Dago Pakar Bandung. Panalungtikan ngeunaan Téhnik *Kancing Gemerincing* dina pangajaran nulis sisindiran sacara umum can aya nu nalungtik. Ku alatan éta pisan, diayakeun panalungtikan ngeunaan nulis sisindiran sacara husus, anu judulna “Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Eksperimen ka siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung Taun ajar 2016/2017) perlu dilaksanakeun.

1.2. Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha masalah anu karandapan dina ieu panalungtikan. Tina hasil identifikasi, kapaluruh yén siswa téh dina nyieun cangkang anu masih kénéh teu paham, dina guru wilangan nu sok leuwih atawa kurang tina jumlah enggang anu geus ditangtukeun, dina pamilihan kecap anu teu murwakanti, hubungan antara padalisan cangkang jeung eusi anu teu nyambung, dina ngagunakeun éjahanana anu can bisa ngabedakeun huruf vocal e, é jeung eu, sarta dina ngagunakeun titik (.) jeung koma (,) dina unggal tungtung padalisan, jeung dina ngabédakeun antara paparikan jeung rarakitan. Ku kituna pikeun ngukulan éta masalah perlu maké model pangajaran anu kooperatif dina pangajaran nulis sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran téh bisa diukur ku dua katégori, nyaéta: katégori linguistik jeung non-linguistik. Katégori linguistik, nyaéta: naon-naon anu aya patalina jeung kabasaan, upamana baé éjahan, diksi murwakanti atawa henteu jeung jumlah guru wilangan. Sedengkeun, katégori nonlinguistik nyaéta: naon-naon anu aya diluar katatabasaan. Umpana waé eusi antara cangkang jeung eusi, penulisan cangkang jeung eusi. Ku kituna, sangkan ambahanana teu lega teuing ieu panalungtikan diwatesanan ku cara sisindiran anu ditangkuntik teu sakabehna ukur paparikan jeung rarakitan. Dina kategori linguistik diwatesanan maluruh

ngeunaan éjahan diksi, murwakanti atawa henteu jeung guru wilangan anu pas sedengkeun kategori nonlinguistik diwatesanan ngeunaan eusi jeung penulisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh maké Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing* ?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada maké Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing* ?
- 3) Bedana anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada maké Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing* ?

1.3 Tujuan panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikeun nyaéta pikeun nguji Téhnik *Kancing Gemerincing* dina pangajaran nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh maké Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing*;

- 2) kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada maké Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Kancing Gemerincing*; sarta
- 3) bedana anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-D SMPN 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik *Kancing Gemerincing*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahan jeung ngeuyeuban modél-modél pangajaran, hususna model pangajaran nulis sisindiran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa jeung panalungtik.

- 1) mangpaat pikeun guru, dina nepikeun matéri pangajaran basa Sunda nu dipikaresep ku siswa lantaran teu matak bosen. Bisa maluruh alternatif ngaliwatan Téhnik *Kancing Gemerincing* dina pangajaran Nulis Sisindiran. Nambahan pangaweruh dina prosés diajar anu resep pikeun siswa. Sarta nambahan pangaweruh dina ngagunakeun stratégi atawa modél pangajaran.
- 2) mangpaat pikeun siswa, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh prestasi siswa dina pangajaran nulis sisindiran basa Sunda. Nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nulis sisindiran ngaliwatan modél pangajaran kooperatif tipe *Kancing Gemerincing*. Siswa dipiharep maham kana matéri pangajaran. Siswa ogé bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan dina pangajaran sisindiran.
- 3) mangpaat pikeun panalungtik, sangkan bisa ngamekarkeun kamampuh dina panalungtikan pangajaran nulis sangkan siswa miboga karep jeung gancang maham prosés nulis sisindiran ngaliwatan model pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun ku lima bab, nyaéta Bab 1, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasangtukang panalungtikan, identifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, eusina ngeunaan tiori-tiori anu ngadadasaran panalungtikan, kalungguhan tioritis panalungtikan, raraga mikir jeung hipotesis.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekkan mangrupa kesimpulan atawa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan méré mangpaat pikeun ka hareupna. Dina ieu bab ditambahan saran anu ditepikeun ka nu nulis ka nu maca.